

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Karya sastra mangrupa wadah pikeun ngébréhkeun ide atawa pikiran pangarang ngaliwatan gambaran pangalaman anu karandapan ku pangarangna sorangan. Salian ti kitu, karya sastra ogé mangrupa *refleksi* tina kaayaan sabudeureun, boh ngeunaan sosial, boh ngeunaan lingkungan. Ku kituna, sastra jeung masarakat mangrupa hiji beungkeutan anu moal bisa dipisahkeun. Pangna disebut kitu, lantaran sastra sumebarna di masarakat. Ayana sastra di tengah-tengah kahirupan masarakat téh lain saukur jadi hiburan atawa selingan dina ngeusi waktu, tapi ogé salaku pakakas diajar ngeunaan rupa-rupa hal.

Nurutkeun Syahur (2014, kc. 2) sastra mangrupa salah sahiji wangun *komunikasi* anu ditepikeun ngaliwatan média basa, salian ti nepikeun ajèn-ajèn kaéndahan sarta rupa-rupa kajadian, sastra ogé bisa ngajak nu maca pikeun manggihan ajèn-ajèn jeung bisa neuleuman kahirupan kalawan leuwih jero deui.

Salah sahiji karya sastra anu raket pisan jeung masarakat Indonésia nyaéta dongéng. Dongéng téh sok disebut ogé carita rahayat (*folktale*) atawa carita balaréa. Pangna dongéng disebut carita balaréa téh lantaran dongéng sumebarna sacara lisan, tatalépa, turun-tinurun, jeung teu kanyahoan saha pangarangna (*anonim*). Hartina dongéng téh didongéngkeun deui di masarakat panyaturna.

Dongéng-dongéng anu aya di Indonésia kawilang réa, lantaran mémang daérah di Indonésia kacida réana. Indonesia miboga sélér bangsa anu réa, ti mimiti Sabang nepi ka Merauke. Ku sabab kitu, unggal daérah di Indonésia miboga dongéngna séwang-séwang, misalna waé di daérah Sunda, diantaranya aya dongéng Sangkuriang, di Jawa Tengah aya dongéng Roro Jonggrang, di NTB aya Putri Mandalika, jeung di Sumatra aya dongéng Si Toba.

Sakabéhna dongéng téh pasti boga bébédaan. Bébédaan éta bisa katitén dina basa anu dipaké, adat anu aya dina eusi carita, kahirupan sosialna, atawa budaya-budayana,

tapi teu jarang ogé dongéng-dongéng di Indonésia téh miboga sasaruana, misalna dina motif anu ngagerakeunana sarua. Upamana dina dongéng “Sangkuriang” ti tatar Sunda, “Roro Jonggrang” ti Jawa Tengah, “Putri Mandalika” ti NTB. Tilu conto dongéng éta téh boga motif anu ngagerakeunana sarua, nyaéta ngeunaan cinta.

Nilik kana wanda jeung eusina, dongéng téh kaasup rékaan baheula. Patempatan anu jadi latarna mindeng tétéla gambaran kaayaan jaman baheula. Kajadianna sakapeung sok pamohalan, corak rékaan heubeul anu mindeng ngolah siloka atawa alegori pikeun mungkus téma (Iskandarwassid, 2010 kc.31). Saluyu jeung Iskandarwassid, Danandjaja (2007, kc.83) nétélakeun yén dongéng téh nyaéta prosa rahayat anu caritana henteu bener-bener kajadian. Dongéng dicaritakeun utamana keur hiburan, tapi eusina loba anu ngandung bebeneran atawa pangajaran.

Dina dongéng, salian ti eusi caritana ngandung unsur anu pamohalan, ogé ngandung hal-hal anu mistis anu patali jeung kapercayaan masarakatna. Hal-hal mistis nu aya dina dongéng nurutkeun Baskom (dina Danandjaja, 2007, kc. 50) disebutna mite. Mite téh carita nu dianggap bener ayana sarta dianggap suci ku masarakat nu percaya kana éta carita. Palaku nu aya dina mite biasana para déwa atawa mahluk setengah déwa jeung kajadianna gé lain di alam dunya, tapi di alam lain.

Nilik kana pamadegan Baskom tadi, sidik yén unggal sélér téh miboga ragam carita anu beunghar ku ajén kaarifan lokal (*local wisdom*) masarakatna. Upamana dina buku *Classic Australian Folklore* meunang ngumpulkeun A. K. Macdougall, dongéng-dongéng mite jeung legenda masarakat Aborigin lolobana kumaha cara nyieun seuneu, asal-usul panonpoé anu cenah mimitina tina cahaya awéwé, jsb. Nurutkeun Taum (2011, kc. 9):

Sastra lisan itu memiliki makna-makna semantik yang diaforik, phora ‘gerak’ dia ‘melalui’ yaitu elemen-elemen sastra lisan itu memiliki petunjuk yang tinggi dan memiliki kecocokan emotif dengan adat suku-suku yang terumuskan dalam tradisi suku-suku tersebut. Pengalaman estetis itu merupakan sesuatu yang khas manusiawi, sehingga penelitian mengenai pengalaman itu dapat berguna untuk mengenal manusia dan komunitasnya secara lebih baik dan mendalam.

Tina ungkara tadi katitén yén sastra lisan téh mibanda ma'na-ma'na nu nyamuni anu bakal ngahubungkeun anu maca jeung adat istiadat hiji kelompok anu ngagelarkeunana. Dina harti sastra lisan ngandung artépak (pikiran) arkéologi budaya anu mibanda ajén-ajén anu tangtu, sarta mibanda ma'na anu patali jeung kahirupan hiji masarakat. Saupama éta ajén-ajén jeung ma'na anu nyumput téh dikoréhan, tinangtu bakal jadi hiji pituduh kana adat istiadat hiji kumpulan masarakat.

Pikeun nyangking hiji ajén dina karya sastra, tangtu waé kudu nganalisis karya sastra. Dina ieu panalungtikan, pikeun nyangking éta ajén anu aya dina dongéng digunakeun analisis struktural anu jadi pamarekannana.

Salian ti éta, sakumaha anu dijelaskeun di luhur, dongéng minangka karya sastra buhun téh tangtu euyeub ku ajén-ajén pikeun nu maca atawa anu ngadéngéna. Éta ajén téh mangrupa ajén budaya nu ngandung atikan jeung ngeuyeuban pangaweruh ogé bisa jadi media pikeun nepikeun bebeneran.

Aya sawatara panalungtikan ngeunaan dongéng nu dilakukeun saméméhna, nyaéta (1) “Dongéng Si Kabayan dina Kahirupan Masarakat Sunda (Tilikan Watek jeung Ajén Falsafah Hirup” tésis Budi Setia Budiman (2013); (2) “Batu Berdaun dan Puluhan Dongeng Nusantara: Analisis Fungsi Vladimir Propp dan Motif Tindakan Pelaku” tésis Raras Hafidha Sari (2015); (3) “Dongéng Si Kabayan Karangan M.O. Koesman pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Dongéng di SMA (Ulikan Struktural jeung Etnopedagogik)” tésis Faryono (2017); (4) “Kajian Dekonstruksi Dongeng-Dongeng Nusantara” tésis Dian Purnama Sari (2019); jeung (5) “Analisis Struktur dan Kearifan Lokal Antologi Cerita Rakyat Nusantara” skripsi Wardah Tul Jannah (2021).

Panalungtikan ngeunaan “Trilogi Dongéng Nusantara nu Motifna Cinta (Ulikan Stuktural jeung Ajén Budaya)” acan ditalungtik saméméhna. Ku kituna, ieu tarékah penting dilaksanakeun pikeun nambahan kabeungharan hasil panalungtikan ngeunaan dongéng Nusantara jeung ajén budaya.

1.2 Rumusan Masalah

Dongéng Nusantara téh kacida réana. Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngagunakeun data anu diwatesanan tina dongéng Nusantara anu bakal ditalungtikna. Dongéng nu dipilih nyaéta dongéng-dongéng anu ngabogaan motif cinta jeung ajén budaya dina eusi caritana. Contona waé dongéng Sangkuriang, Rorojonggrang, jeung Putri Mandalika. Masalah nu baris ditalungtik perlu dirumuskeun sangkan leuwih museur tur teu méngpar tina naon-naon nu dipimaksud. Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti kieu.

- 1) Kumaha struktur jeung motif carita dongéng Nusantara nu aya di wilayah Nusantara Kulon, Tengah, jeung Wétan anu motifna cinta?
- 2) Naon waé ajén budaya anu nyampak dina dongéng Nusantara nu aya di wilayah Nusantara Kulon, Tengah, jeung Wétan anu motifna cinta?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan kabagi kana dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan khusus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh motif jeung struktur carita dina dongéng Nusantara, tuluy dipatalikeun jeung ajén budaya anu nyampak dina masing-masing dongéng.

1.3.2 Tujuan Husus

Dina tujuan husus, ieu panalungtikan téh miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. motif jeung struktur carita dongéng Nusantara nu aya di wilayah Nusantara Kulon, Tengah, jeung Wétan anu motifna cinta;
- b. ajén budaya anu nyampak dina dongéng Nusantara nu aya di wilayah Nusantara Kulon, Tengah, jeung Wétan anu motifna cinta.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku dua aspék, nyaéta: 1) mangpaat téoritis, jeung 2) mangpaat aksi sosial.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis nu bisa dicangking tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) ngajembaran pangaweruh ngeunaan dongéng-dongéng Nusantara nu aya di wilayah Nusantara Kulon, Tengah, jeung Wétan anu motifna cinta;
- 2) ngajembaran pangaweruh ngeunaan struktur carita dongéng Nusantara nu aya di wilayah Nusantara Kulon, Tengah, jeung Wétan anu motifna cinta;
- 3) ngajembaran pangaweruh ngeunaan ajén budaya anu nyampak dina dongéng Nusantara nu aya di wilayah Nusantara Kulon, Tengah, jeung Wétan anu motifna cinta.

1.4.2 Mangpaat Aksi Sosial

Mangpaat aksi sosial dina ieu panalungtikan nyaéta ngeuyeuban dunya paélman ngeunaan sastra, hususna ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan dongéng, kajian strukturalisme, jeung mikawanoh ajén budaya anu aya dina hiji karya sastra.

1.5 Raraga Tulisan

Sacara umum ieu tésis ngawengku lima bab, ti mimiti bubuka nepi ka panutup.

Bab I Bubuka ngébréhkeun ngeunaan kasang tukang, masalah nu ditalungtik, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu dipasing-pasing jadi tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan sacara téoritis jeung aksi sosial, sarta raraga tulisan ieu tésis.

Bab II Ulikan Pustaka medar ngeunaan téori-téori nu dijadikeun référénsi dina ieu panalungtikan. Téori nu dipedar nyaéta ngeunaan ulikan struktural dongéng, ulikan motif dina dongéng, jeung ajén budaya. Salian ti medar téori, ieu bab ogé medar ngeunaan panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir ieu panalungtikan.

Bab III Méthode Panalungtikan medar ngeunaan méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nu ngawengku desain panalungtikan, sumber data, cara ngumpulkeun data, sarta analisis data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran ngaguar ngeunaan déskripsi hasil panalungtikan nu dipatalikeun jeung rumusan masalah nu geus dijieun saméméhna, dina ieu bab dipidangkeun hasil analisis ngeunaan dongéng-dongéng Nusantara dina motif cinta kalayan ngagunakeun ulikan struktural sastra nu dipatalikeun jeung ajén budaya.

Bab V Kacindekan jeung Rékoméndasi eusina ngawengku kacindekan hasil panalungtikan sarta rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.